




**North Carolina Department of Commerce  
Division of Employment Security  
Unemployment Insurance**



999999

**Demann pou Refi Reyevalyasyon (UCTOP)**

non

Dat li voye pa Lapòs: 1 Janvyè 2001

adrès 1  
adrès 2

vil, eta kòd  
postal peyi

Chè JOHN DOE,

Dènyèmman ou te enfòm ke Depatman Komès Kawolin Dinò a – Divizyon Sekirite Travay la (Divizyon) te detèmine ou te vyole N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)

(2) epi ou te peye anplis de alokasyon asirans chomaj yo pou montan \$0.00 akòz de aksyon fwod oswa ou te omèt li oswa paske ou pa te rive deklare lajan ou fè yo, jan li rekòmande a. Kòm rezilta, Divizyon an te enfòm w de entansyon I, an konfòmite avèk 26 U.S.C § 6402(f), pou ranwaye dèt ou an antanke yon dèt konpansasyon asirans chomaj ki kouvwè nan Depatman Trezò Etazini an/IRS (Trezò) pou ankèsman atravè Pwogram Konpansasyon Trezò.

Divizyon an te resevwa prèv ou te soumèt kòm repons nan Avi Pwogram Konpansasyon Fiskal Federal la nan dat Premye Janvyè 2001 an. Selon sa nou konprann ou repoze sou yon prèv konsa pou di ke tout oswa yon pati nan dèt ou an pa dwe akòz de fwod avèk/oswa paske ou pa te rive deklare lajan ou rantrè pandan ane a, oswa pa fè sijè konpansasyon.

Dosye Divizyon an montre ke dèt ou an te etabli nan dat 1 janvyè 2001 an. Ou te twouve pa elijib pou alokasyon asirans chomaj yo akòz fwod oswa paske ou pa te rive fè deklarasyon salè ane alokasyon yo. Divizyon an te egzamine prèv ou te soumèt yo, epi nou jwenn kòm rezilta, yo pa pwouve ke tout oswa yon pati dèt ou an pa akòz de fwod epi/ oswa paske ou pa rive deklare salè ane alokasyon ou yo, epi/oswa pa fè sijè konpansasyon.

Dèt ou an se \$ 0.00 nan dat desizyon an. Si nou pa resevwa yon pèman konplè ( oswa yon vèsman nan pèman an pa fèt) pou pita 1 Janvyè 2001, dèt la pral transfere bay Depatman Trezò Etazini an pou konpanse ranbousman fiskal revni federal ou an atravè Pwogram Konpansasyon Trezò a.

Si ou bezwen plis èd avèk dosye sa, si ou genyen nenpòt kesyon, oswa ou swete etabli yon akò pèman pa vèsman pou dèt la, silvouplè kontakte biwo nou an nan 919.707.1338.

Sensèman,

Benefits Integrity Section (Seksyon Entegrite Alokasyon)

Ede nou prevni Fwod Ui yo pandan w ap reponn alè epi presi avèk demann enfòmasyon yo.